# Эпиграф:

«Мун хвела, дур лъик1лъи кидаго хвеларо».



# Дарсил тема: Расул Х1амзатов «Вера Васильевна».

- **Дарсил мурад:**
  - **Хъвадарухъанасул г1умру ва творчество лъималазе рагьизе.**
  - **Дандекквеялъул х1акъалъулъ авалияб баян кьей ва гьелъул к1вар рагьи.**
  - **Ц1алул бажари борхизаби.**
  - **Г1адатаб анализалдалъун гьудуллъи – вацлъи нилъер къуват бук1ин баян гьаби.**
  - **Россиялъ бакараб  канлъул чирахълъун маг1арухъ г1урус учительница йик1арайлъи баян гьаби.**
  - **Логикиял суалазул кумекалдалъун лъималазул г1акълу цебет1езаби.**




**20.12.2011 сон.**

**Расул Х1амзатов.**

**«Вера Васильевна».**

www.sochi-mountain.ru

# Малъараб такрар гьаби:

**1.** Кинал асараздаса гьал мухъал росун ругел?
Жиндарго аскарал сапаралда свакан рук1ин
бихьараб мехалда, Тимурица
гьеб майданалда чадирабиги ч1ван,
х1ухьбахъизе ч1аян буюранила.

**2.** – Аниб лачен гьеч1о, чаргъедо буго.
Лочнол бусен гьеч1о гъадил гурони.
(Кьурулъ хут1арав Г1али)

*3*. Гьеб ракьалда кверщел гьабун,
Кутакаб гъалбац*1* бук*1*араб,
Кодор щварал х*1*айванал ч*1*ван,
Х*1*ал-зулмуялда хьвадулеб.

4. Расул Х1амзатовасул г1умрудул санал рихьизаре?

1) 1877 - 1951.
2) 1923 – 2003.
3) 1934 – 2001.

**5. Расул Х1амзатовас т1оцебесеб кеч1 чан сон бараб мехалъ гъабураб?**

1) 11 сон.
2) 5 сон.
3) 9 сон.

6. Расул Х1амзатовасул прозаялдалъун хъвараб т1ехь кинаб кколеб?

1) «Дир г1умру»
2) «Дир Дагъистан»
3) «Къисмат»

7. Расул Х1амзатовасул кинаб кеч1 бат1и-бат1иял мац1азде буссинабун бугеб ва гьелъул кьуч1алда т1олго улкаялдаго памятникал лъун ругел?

1) «Къункъраби»

2) «Милъиршаби»

3) «Ц1умал»

# Ц1ияб дарс:

# Расул Х1амзатов «Вера Вас



# Творческияб х1алт1и:

- Жийго эбел г1адин, мац1 чияр г1адан,
- Анкьго сон бук1ана, рак1алда буго,
- Чияр васасухъ – дихъ балагьарай куц.
- Рик1к1ада маг1арухъ, г1азизаб росулъ



# Эпитетал ратизе:

**Вера Васильевна, <u>г1азизай гьалмагъ</u>**

**Т1оцебе г1урус дарс дие ц1аларай.**

# Дандекквеял рате:

**Рак*1* урхъараб Москва, Арбаталъул къват*1*,**

**Т*1*угьдузул тукада дандбит*1*араб рукъ ;**

**Т*1*инч*1*ги ун хут*1*араб т*1*инч*1*алда релълъун,**

**Мун рокъой ах*1*улей х*1*асратай эбел.**

# Рокъобе х*1*алт*1*и «Вера Васильевна» гьум *129-133*


© Артемий Лебедев



**Мах1ачхъала шагьаралда буго г1урус учителалъу гьабураб памятник. К1удияб Ват1анияб рагъ1л заманалдаса хадуб нилъер Дагъистаналде г1емерал рач1ун рук1ана учительзаби. Гьел рак1алдещвеялъе бараб буго гьеб. Хириял ц1алдохъаби, нилъер Г1обода росулъги рук1ана бат1и-бат1ияб заманалъ г1урусучительзаби. Гьелги ккола Федорова Капитолина Подмосковьялъул Собинка росулъа (1955-1956гг). Подгорные Нина ва Серафима Донецкалдаса. Кебедова Люся. Сенченка Нина 1957году. Арчикова Роза, Александровы Наташа ва Шура, Петровичи Екатерина ва Леонид, Русина Екатерина, Бледных Тамара, Семенова Шура, Наталья Аркадьевна**

# Кицаби лъуг1изаре

- Дур гьудул щиван бице,

  мунго щиван бицунге.

- Гьудул нусгоги дагьав,
- тушман *цоги г1емерав.*

- Гьудулас бадибе абулеб, тушманас нахъасан абулеб.

- Гьудуласул гьудул – дирги гьудул, тушманасул гьудул -

дирги тушман